



Pou Piblikasyon Imedya: 15/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AP GEN SANT KÒMAND MOBIL REPOUS DIJANS
ETA NEW YORK POU EDE VIKTIM INONDASYON YO AK PÈMI ANVIWÒNMANTAL
EPITOU AK REKLAMASYON ASIRANS YO NAN LAK ONTARIO**

*Ofisyèl Depatman Pwoteksyon Anviwònman an pral bay pèmi sou plas ak ede
mèt pwopriyete*

*Liy Ijans pou Èd Inondasyon Lak Ontario a (Lake Ontario Flood Assistance
Hotline) Bay Dènye Enfòmasyon ak Resous nan 866-244-3839*

Gen plis pase 1 milyon sak sab ki deplwaye nan zòn ki afekte yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse jodi a Eta New York pral deplwaye Sant Kòmand Mobil Repons Dijans avèk ofisyèl Depatman Pwoteksyon Anviwònman an (Department of Environmental Conservation, DEC), Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES), ak Depatman Sèvis Finansye a (Department of Financial Services, DFS). Ofisyèl DEC yo pral bay pèmi sou plas ak travay avèk mèt pwopriyete yo pou okipe ewozyon, ofri konsèy teknik ak bay rezidan yo pèmi ijans sou plas. Asistans DEC sa a pral ogmante èd asirans Depatman Sèvis Finansye a deja ap bay la ki disponib pou rezidan inondasyon an afekte.

“Eta a pral kontinye pran mezi agresif pou redwi donmaj dlo inondasyon an pote ak ede kominote ki touche yo”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou deplwaye ofisyèl DEC yo nan Sant Kòmand Mobil Repons Dijans nan Eta yo, nou pral kontinye ede rezidan ki nan kominote ki afekte yo gras a rediksyon fòmalitye administratif yo pandan y ap fè reparasyon ki nesèsè yo epi gras a èd avèk konsèy pandan pwosedi reklamasyon asirans la.”

Pi bonè mwa sa a, Gouvènè Cuomo [te deklare](#) Eta Ijans nan konte Cayuga, Jefferson, Monroe, Niagara, Orleans, Oswego, St. Lawrence, ak Wayne pou akselere reparasyon estrikti ki afekte yo ak pwojè konstriksyon estabilizasyon bò lanmè a. Anplis, sou lòd Gouvènè a, yo te voye yon Ekip Repons Rapid Lak Ontario ki kowòdone nan rejyon an, ki enkli ekspè ki soti nan Depatman Pwoteksyon Anviwònman Eta a, Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan, Polis Eta a (State Police) ak Biwo Sèvis Jeneral la (Office of

General Services), ansanm ak ajans vil ak ajans konte yo.

Nan Sant Kòmand Mobil yo, pèsonèl DEC a pral ede reponn kesyon sou [Pèmi Jeneral Rekonstriksyon apre Tanpèt \(Storm Recovery General Permit\)](#), dekri tip travay reparasyon ak estabilizasyon espesifik ki otorize yo, ak bay asistans pou ranpli fòmilè aplikasyon an. Nan sèten ka, baze sou enfòmasyon disponib aplikan yo bay yo, DEC pral bay pèmi sou plas oswa akselere egzamen anplis ak vizit teren ki nesèsè yo pou livre pèmi yo. Pou jwenn otorizasyon ki obligatwa selon Pèmi Jeneral sa a, rezidan yo dwe li Enstriksyon Pèmi Jeneral ak Aplikasyon an pou vini tou pare; detèmine si travay ki pwopoze a fè pati kad Pèmi Jeneral la; ranpli [Aplikasyon pou Pèmi Jeneral GP-0-17-006](#) la ak bay desen, plan, foto (si yo disponib) ak yon kat pozisyon.

Nan kad Ekip Repons Rapid Lak Ontario a, DEC a ap deplwaye yon ekip enjinyè kot eksperimante Lak Ontario pou rankontre ak mèt pwopriyete yo, fè vizit sou sit yo epi ofri asistans teknik. Enjinyè DEC yo rete prè pou travay ak mèt pwopriyete yo pou yo ka repare estrikti pwoteksyon yo e mèt kay yo ka pran mezi ki apwopriye yo rapidman.

Biwo Jesyon Ijans, Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan kontinye kowòdone kontwòl nivo dlo Lak Ontario yo ansanm ak patnè lokal ak patnè eta yo, e yo te deplase lòt resous ki soti nan depo eta a nan kèk kote nan konte Monroe nan ka kondisyon yo ta anpire. Jiska dat jodi a, gen plis pase 1 milyon sak sab ki deplwaye nan kominote ki afekte yo pou ede redwi inondasyon an.

Sant Kòmand Mobil Repons Dijans NYS yo ap nan kote ki anba yo pandan senk jou k ap vini yo. Anplis, moun ki pa an mezi pou vizite Sant Kòmand Mobil yo ka rele Liy Dirèk pou Katastwòf Depatman an nan 1-800-339-1759, lendi rive vandredi, 8 è a.m. pou 8 è p.m. pou èd avèk kesyon ki gen rapò avèk asirans.

Lendi 15 Me

Konte Oswego – Sant Kòmand Mobil Repons Dijans Eta New York
10 a.m. – 8 p.m.

Vil Mexico

Sant Mentnans Depatman Transpò Eta New York (New York State DOT Maintenance Center)

5846 Scenic Ave

Konte Niagara – Sant Kòmand Mobil Repons Dijans Eta New York
10 a.m. – 8 p.m.

Vil Newfane

Olcott Fire Company

1691 Lockport - Olcott Rd

Madi 16 Me

Konte Jefferson – Sant Kòmand Mobil Repons Dijans Eta New York

10 a.m. – 8 p.m.
Vil Lyme
Chaumont Volunteer Fire Department
11385 NY Route-12E

Konte Wayne – Sant Kòmand Mobil Repons Dijans Eta New York
10 a.m. – 8 p.m.
Vilaj Sodus Point
Sodus Point Beach Park
7958 Wickham Blvd

Mèkredi 17 Me

Konte St. Lawrence – Sant Kòmand Mobil Repons Dijans Eta New York
10 a.m. – 8 p.m.
Vil Ogdensburg
100 Riverside Ave (The Dobisky Center)

Jedi 18 Me

Konte Orleans - Sant Kòmand Mobil Repons Dijans Eta New York
10 a.m. – 8 p.m.
Vil Kent
County Marine Park
Point Breeze Road (Route 98)

Konte Monroe - Sant Kòmand Mobil Repons Dijans Eta New York
10 a.m. – 8 p.m.
Vil Hilton DPW Garage
198 Manitou Road, Hilton NY 14468

Vandredi 19 Me

Konte Cayuga – Sant Kòmand Mobil Repons Dijans Eta New York
10 a.m. – 8 p.m.
Vilaj Fair Haven
Fair Haven Village Hall
14523 Cayuga St.

Konte St. Lawrence - Sant Kòmand Mobil Repons Dijans Eta New York
10 a.m. – 8 p.m.
Vil Ogdensburg
100 Riverside Ave (The Dobisky Center)

Samdi 20 Me

Konte Niagara - Sant Kòmand Mobil Repons Dijans Eta New York
10 a.m. – 8 p.m.
Vil Newfane
Olcott Fire Company
1691 Lockport - Olcott Rd.

Konte Oswego – Sant Kòmand Mobil Repons Dijans Eta New York
10 a.m. – 8 p.m.
Vil Mexico
Sant Mentnans Depatman Transpò Eta New York (New York State DOT Maintenance Center)
5846 Scenic Ave

Dimanch 21 Me

Wayne – Sant Kòmand Mobil Repons Dijans Eta New York
10 a.m. – 8 p.m.
Vilaj Sodus Point
Sodus Point Beach Park
7958 Wickham Blvd

Jefferson - Sant Kòmand Mobil Repons Dijans Eta New York
10 a.m. – 8 p.m.
Vil Lyme
Chaumont Volunteer Fire Department
11385 NY Route-12E

Aktyèlman, gen resous ki te deplwaye nan konte sa yo:

Konte Cayuga

- 75,000 sak sab

Konte Jefferson

- 70,000 sak sab plis yon lòt 50,000 ki soti nan Kò Enjenyèr Lame a
- 1 machin sab
- 1 ekip prizonye ki soti nan Depatman Sèvis Koreksyon ak Siveyans Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision) pou ranpli sak sab yo
- Chajè ak sab Depatman Transpò Eta New York la
- Yo te deplwaye 20 Manm Gad Nasyonal

Konte Monroe

- 2 machin sab
- 322,000 sak sab

- Diferan ponp ak kawotchou ki deplwaye
- Yo te deplwaye 40 Manm Gad Nasyonal

Konte Niagara

- 1 machin sab
- 60,000 sak sab
- Diferan ponp ak kawotchou
- Yo te deplwaye 30 Manm Gad Nasyonal
- Chajè pa devan ak remòk ba Depatman Transpò Eta New York ak yon ekskavatè otorite Otowout la (Thruway authority) pou ede plase blòk beton yo

Konte Orleans

- 90,000 sak sab

Konte Oswego

- 1 machin sab
- 89,000 sak sab
- 20 Manm Gad Nasyonal
- Operasyon enstalasyon mi sab yo kontinye nan etablisman Depatman Transpò a nan Mapleview ak pèsònèl Depatman Transpò Eta NY la (New York State Department of Transportation, NYSDOT)

Konte St Lawrence

- 30,000 sak sab (ki genyen ladan l 20,000 ki soti nan Kò Enjenyè Lame a)

Konte Wayne

- 3 machin sab
- 235,000 sak sab
- Yo te deplwaye 46 Manm Gad Nasyonal
- Diferan ponp ak kawotchou
- Eta New York ap etabli yon operasyon ranplisaj sak sab nan etablisman NYS DOT nan Konte Wayne; ap gen lòt manm Gad Nasyonal k ap ede nan plasman sak sab nan Vilaj Sodus Point ak lòt kote ki nesesè.

Si ou pa kapab vizite yon sant mobil, Depatman Pwoteksyon Anviwònman an pral kontinye founi sipò a kominote yo gras ak pèmi akselere, enspeksyon sit ak oryantasyon teknik nan biwo rejyonal yo.

DEC Rejyon 6:

Konte St. Lawrence

- Yo te resevwa 3 aplikasyon
- Yo te livre 2 Pèmi Jeneral, yo te livre yon Pèmi Endividyèl.

Konte Jefferson

- Yo te resevwa 29 aplikasyon
- Gen 29 Pèmi Jeneral ki livre

DEC Rejyon 7:

Konte Oswego

- Yo te resevwa 22 aplikasyon
- Yo te livre 9 Pèmi Jeneral, yo te livre 2 Pèmi Endividyèl. Aplikasyon ki rete pou revize.

Konte Cayuga

- Yo te resevwa 0 aplikasyon

DEC Rejyon 8:

Konte Wayne

- Yo te resevwa 27 aplikasyon
- Yo te livre 5 Pèmi Jeneral, yo te livre 3 Pèmi Endividyèl, 10 Otorizasyon Ijans te livre. Aplikasyon ki rete pou revize.

Konte Monroe

- Yo te resevwa 41 aplikasyon
- Yo te livre 11 Pèmi Jeneral, yo te livre 4 Pèmi Endividyèl, 6 Otorizasyon Ijans te livre. Aplikasyon ki rete pou revize.

Konte Orleans

- Yo te resevwa 32 aplikasyon
- Yo te livre 2 Pèmi Jeneral, yo te livre 3 Pèmi Endividyèl, 4 Otorizasyon Ijans te livre. 2 aplikasyon ki pa jiridiksyonèl ki rete pou revize.

DEC Rejyon 9:

Konte Niagara

- Yo te resevwa 27 aplikasyon

- Yo te livre 6 pèmi Jeneral, yo te livre 8 Otorizasyon Ijans. Aplikasyon ki rete pou revize.

Kontak Biwo Pèmi Rejyonal:

DEC Rejyon 6 Eta New York

(Konte Jefferson ak St. Lawrence)

Administratè Pèmi Rejyonal

Dulles State Office Building

317 Washington Street

Watertown, NY 13601-3787

Telefòn: 315-785-2245

Faks: 315-785-2242

Imèl: dep.r6@dec.ny.gov

DEC Rejyon 7 Eta New York

(Konte Cayuga ak Oswego)

Administratè Pèmi Rejyonal

615 Erie Blvd. West, Room 206

Syracuse, NY 13204-2400

Telefòn: 315-426-7444

Faks: 315-426-7425

Imèl: dep.r7@dec.ny.gov

DEC Rejyon 8 Eta New York

(Konte Monroe, Orleans ak Wayne)

Administratè Pèmi Rejyonal

6274 East Avon – Lima Road

Avon, NY 14414-9519

Telefòn: 585-226-5400

Faks: 585-226-2830

Imèl: dep.r8@dec.ny.gov

DEC Rejyon 9 Eta New York

(Konte Niagara)

Administratè Pèmi Rejyonal

270 Michigan Avenue

Buffalo, NY 14203-2915

Telefòn: 716-851-7165

Faks: 716-851-7168

Imèl: dep.r9@dec.ny.gov

Nou ankouraje tout Nouyokè yo enskri pou NY-Alert, sistèm alèt gratis eta a, sou tout risk, ki baze sou enskripsyon. Pou plis enfòmasyon ak pou enskri, tanpri ale sou www.nyalert.gov. Pou plis enfòmasyon sou sekirite inondasyon, ale sou sit entènèt DHSES la nan <http://www.dhSES.ny.gov/oem/safety-info/flood/>. Pou plis enfòmasyon

sou Pèmi Rekiperasyon apre Siklòn, ale sou sit entènèt DEC a. Ou ka jwenn detay sou pèmi jeneral ak enstriksyon pou aplikan yo nan: <http://www.dec.ny.gov/permits/89343.html>.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418